# Kuban mámleketlik universiteti menen defektologiya boyınsha qospa bilimlendiriw baǵdarın ashıw máselesi kórip shıǵıldı

**Image not found or type unknown**

Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutınıń rektorı, professor Bayrambay Otemuratov Rossiya Federaciyasındaǵı Kuban mámleketlik universitetine xızmet saparı menen bardı.

Universitet rektorı Mixail Astapov penen bolıp ótken ushırasıwda eki joqarı oqıw ornı basshıları 2018-jıldan berli jolǵa qoyılǵan birge islesiwdiń nátiyjeleri haqqında sáwbetlesti.

Image not found or type unknown

Atap ótiw orınlı, 2018-jılı 18-19-oktyabr kúnleri Tashkent qalasında bolıp ótken Birinshi Rossiya-Ózbekstan bilimlendiriw forumında eki joqarı oqıw ornı arasında birge islesiw shártnamasına qol qoyılıp, ámeliy jumıslar baslanǵan edi. Usı tiykarda Kuban mámleketlik universitetiniń birneshe professor-oqıtıwshıları NMPIge kelip, studentlerge lekciyalar oqıp, konferenciya hám seminarlarǵa qatnastı. 2019-jılı instituttıń 10 studenti ilimiy basshıları menen birgelikte Kuban mámleketlik universitetinde shólkemlestirilgen jazǵı mektepte oqıw jáne ámeliy kurslardan ótip qayttı. Sonday-aq, ótken 2020-jılı fevral-iyun aylarında NMPIdiń eki magistrantı usı universitette altı aylıq almasıw baǵdarlaması tiykarında bilim hám kónlikpelerin arttırıp keldi.

Image not found or type unknown

Ushırasıwda joqarı oqıw orınları arasındaǵı birge islesiwdi bunnan bılay da kúsheytiw boyınsha ámelge asırılatuǵın jumıslar dodalandı. Atap aytqanda, Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutında Kuban mámleketlik universiteti menen birgelikte rus tili

boyınsha sertifikat beretuǵın oray ashıw hám oǵan Kubandaǵı belgili professor-oqıtıwshılardı qatnastırıw arqalı xalıqaralıq sertifikat beriwdi jolǵa qoyıw, defektologiya tálim baǵdarı boyınsha kelesi oqıw jılınan baslap «2+2» sisteması tiykarında qospa bakalavriat baǵdarlamasın shólkemlestiriw, institut janındaǵı matematikaǵa qánigelestirilgen mektepte Kuban mámleketlik universiteti professor-oqıtıwshıları menen birgelikte oqıwshılardıń bilimin arttırıw, olimpiadalarǵa tayarlaw, sonıń menen birge, eki joqarı oqıw ornı professor-oqıtıwshıları menen birge sabaqlıq, oqıwlıq qollanbalar tayarlaw jáne baspaǵa shıǵarıw máseleleri boyınsha islenetuǵın jumıslar kelisip alındı.

NMPI baspasóz xatkeri.